

Palm Springs Community Middle School  
1560 Kirk Road  
Palm Springs, FL 33406

Chè Paran/ Responsab,

Evalyasyon Florid sou Refleksyon Elèv (Florida Assessment of Student Thinking FAST ann anglè) se yon sistèm pou kontwole pwogrè yo administre twa fwa pa ane pou swiv pwogrè ptit ou a fè nan aprantisaj Pwen Referans Estanda sou fason Elèv Panse (ann anglè B.E.S.T.) pandan tout ane lekòl la. Objektif lèt sa a se pou enfòme w ptit ou a ap patisipe nan twazyèm Evalyasyon Florid sou Refleksyon Elèv (FAST) pou Lekti (PM3) yo bay nan klas 6<sup>yèm</sup>/7<sup>yèm</sup>/8<sup>yèm</sup> ak evalyasyon Matematik le 1ye me: 6yèm ELA; 7 me: 7&8 ELA; 6 me: Matematik 6; ak 15 me: Matematik 7, 8, Aljèb, & Jeyometri. Rezulta PM3 yo pral montre kijan ptit ou a metrize estanda kontni nivo klas yo, epi yo pral ba w enfòmasyon sou fason pou jwenn rezulta yo apre tès la fin konplete.

Egzamen FAST yo se tès ki adapte pou yo pran tès yo sou yon òdinatè oswa yon *tablet*. Keson yo vin pi fasil oswa pi difisil selon fason elèv la reponn, epi chak elèv ap wè kesyon yo diferan ki soti nan yon kote kesyon yo plase. Chak tantativ tès (PM1, PM2, ak PM3) pral prezante eleman k ap kouvri tout "plan" tès la, sa vle di elèv yo ap rankontre eleman reprezentatif estanda yo nan matyè a oswa nivo klas. Pou plis enfòmasyon sou fòma tèst la, tanpri vizite <https://www.fl DOE.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si oumenm oswa ptit ou a ta renmen entèaji avèk platfòm tès sou entènèt la oswa revize modèl pratik Lekti FAST ak Matematik lakay, modèl materyèl tès yo, ak tès ki pibliye yo nan sèten klas/sijè disponib nan <https://fl fast.org/families.html>.

Tanpri, repase règleman sa yo avèk ptit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv yo itilize okenn aparèy elektwonik; sa enkli, men pa limite ak, telefòn pòtab, telefòn entèlijan, linèt entèlijan, ak mont entèlijan nan okenn moman pandan tès la **oswa** nan moman poz (egzanp, ale nan twalèt, **menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo pa itilize yo**). Si yo jwenn ptit ou avèk yon aparèy elektwonik oswa yo jwenn li ap itilize *Bluetooth*/ kas ekoutè san fil /ekoutè pandan egzamen yo, y ap anile tès li a
- **Règleman sou Kalkilatris** ---Pou egzamen Matematik FAST klas 7<sup>yèm</sup> ak 8<sup>yèm</sup> ane, elèv la kapab itilize kalkilatris syantifik pòtatif yo apwouve. Pou egzamen Matematik FAST klas 6<sup>yèm</sup> ane, yo kapab itilize yon kalkilatris pòtatif 4 fonksyon. Yo entèdi izaj kalkilatris nan klas 3<sup>yèm</sup>/4<sup>yèm</sup>/5<sup>yèm</sup> ane Matematik FAST
- **Akò sou Règleman Egzamen yo**—Tout tès yo enkli yon Akò sou Règleman egzamen yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman sou egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen yo." Avan egzamen an kòmanse, adminitratè tès la li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike nan ti bwat ki nan « *secure browser* » ki endike yo konprann règleman tès yo.
- **Pale sou Kontni Tès la apre Egzamen**—Y ap li pou elèv yo dènye pati règleman egzamen an, avan yo klike nan bwat pou aksepte Akò sou Règleman Egzamen an ki deklare, poutèt kontni tès nan tout eta a sekirize, elèv yo pa dwe diskite oswa revele detay sou kontni tès yo (enkli atik, pasaj ak kesyon nan tès la) apre yo fin pran tès la. Sa enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, oswa poste nan sit medya sosyal yo. Tanpri, fè sèten ptit ou a konprann règleman sa a avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tès la enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imèl, poste nan medya sosya, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo p ap kapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, aprè tès la, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè travay yo pou kont yo pandan tès la epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt elèv pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran poul pandan egzamen an, y ap anile tès yo.
- **Kite Lokal Lekòl la**—Si ptit ou a kite lokal lekòl la avan li fini yon sesyon egzamen (egzanp pou dejene, randevou), yo **p ap** otorize l retounen nan sesyon tès sa a. Si ptit ou a pa santi l byen pandan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li tann epi pran tès la nan yon jou ratrapaj. Tanpri, sonje pou pa pran randevou nan jou ki pwograme pou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Tès**—Si ptit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyl (IEP), yon Plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) oswa li te fèk soti nan ELL, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou nenpòt akomodasyon sou tès yo pral bay li.

- **Iregularite pou Tès** - Nan ka genyen yon iregalite ki rive nan tès la nan sal egazamen ptit ou a, yo kapab poze ptit ou a kesyon pou bay klarifikasiyon sou ensidan an kòm yon pati nan ankèt lekòl la. Anplis, yo kapab oblige ptit ou repran evalyasyon an si yo rapòte yon iregularite yo sispeci ki ta kapab afekte validite rezulta tès yo.

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan administrasyon tès sa a, ou kapab kontakte lekòl la nan 561-434-3300. Pou plis enfòmasyon sou pwogram FAST la, tanpri vizite paj dakèy la nan <https://flfast.org/fsa.html>.

Mèsi poutèt w ap sipòte ptit ou a epi ankouraje l fè tout efò li pandan l ap pran egzamen an.

Sensèman,

Dr. Pamela McDonnough